



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOGRAM PASPÒ VITYÈL POU FÈ PWOMOSYON BRASRI ATIZANAL YO NAN SANTYE EMPIRE STATE LA AK YON NOUVO SITWÈB KONPLÈ SANTYE A**

***Santye Empire State la ak Patnè Asosyasyon Brasri Eta New York yo pral ajoute pwogram paspò a sou nouvo Aplikasyon byè atizanal New York la***

***Pwogram nan ap prezante 200 brasri ki nan 16 Km sou Santye Empire State la***

***Nouvo [Sitwèb](#) la bay enfòmasyon ki detaye pou 1,207 km wout la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman yon pwogram paspò vityèl k'ap ekspoze 200 brasri atizanal ki nan antouraj imedya Santye Empire State la, nan patenarya ak Asosyasyon Brasri Eta New York la (New York State Brewers Association, NYSBA). Yon nouvo [sitwèb](#) ap bay itilizatè Santye Empire State la enfòmasyon rapid epi fasil pou santye 1,207 km wout ki disponib kounye a. Paspò pou Brasri nan Santye Empire State la, ki disponib atravè Aplikasyon Byè Atizanal New York, NYSBA a, ap ankouraje Nouyokè yo vizite brasri ki nan 16 km Santye Empire State sou tout 1,207 km wout ki travèse eta a.

"Pandan moman san presedan epi difisil sa, nouvo patenarya sa ap rann li pi fasil toujou pou Nouyokè yo eksperimente alafwa bote natirèl gran eta sa ak bwason atizanal klas mondyal yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Touris ak lwazi se fondman ekonomi lokal nou yo, e pandan nou toupre pou fini Santye Empire State la nan fen ane sa, pwogram sa ap benefisyè alafwa rezidan lokal yo epi ensite aktivite ekonomik nan kominote atravè eta a."

**Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare,** "Asosyasyon Brasri Eta New York la kontan anpil pou fè patenarya ak Santye Empire State la. Prèske mwatye brasri atizanal Eta a nan 16 km ak Santye Empire State la, ki rann inisyativ sa pafè pou klere yon pwojektè sou Santye a ak endistri byè atizanal Eta a."

**Direktè New York State Canal Corporation, Brian U. Stratton, te deklare,** "Santye Empire State la swiv tout longè sistèm kanal New York la, ki ramne randonè, siklis, kayakis ak plis toujou a de pa de pi bon opòtinite rekreyatif ke New York genyen pou ofri. Nan yon lane, lè tout moun ap chèche nouvo fason pou soti anplennè san danje pou eksplòre New York, patenarya sa se yon etap kle nan pwomosyon Santye Empire

State la epi demontre kijan sa ka ramne vwayajè yo ak eksperyans inik ak opòtinite nan chak kwen eta a".

**Direktè Santye Empire State la, Andy Beers te deklare,** "Santye Empire State la pa sèlman santye plizyè izaj ki pi long nan peyi a - men li se yon kanal tou pou aktivite ekonomik ak touris pou kominote atravè eta a. Nou tout kontan pou anonse patenarya sa epi kontinye angaje ak Nouyokè yo nan fason inovan pou montre opòtinite pou rekreyasyon ki egziste sou tout longè santye a".

Nan chak brasri ki sou Santye a, vizitè yo ka anrejistre dijitalman sou aplikasyon an, k'ap genyen yon tenb alafwa sou aplikasyon pwogram paspò yo - Paspò pou Think NY, Drink NY epi kounye a Paspò pou Brasri nan Santye Empire State la. Lè yo vizite brasri Eta New York yo epi anrejistre sou aplikasyon an, vizitè yo genyen pwèn ki ka itilize pou genyen prim. Nou ankouraje moun ki gen tenb anvan ki soti nan brasri sa yo sou Paspò Think NY, Drink NY, pou revizite epi genyen tenb pou nouvo prim yo. nou ankouraje patisipan paspò yo pou bwè nan fason ki responsab.

Yo bay prim eksklizif yo nan nivo ki detèmine pa kantite tenb ou resevwa sou Paspò pou Brasri nan Santye Empire State la, soti nan kach kou, rive nan chemiz, sakado ak plis toujou. Lè yo anrejistre nan 200 brasri yo epi fè Paspò pou Brasri nan Santye Empire State la, vizitè yo ap resevwa yon sakado glasyè ki gen mak ak yon mayo ki endike, "Mwen te fè Paspò pou Brasri nan Santye Empire State la".

Aplikasyon Byè Atizanal New York la se premye aplikasyon byè nan peyi a epi ki disponib pou aparèy Apple ak Android yo alafwa. Aplikasyon an bay pasyone byè atizanal yo aksè pou yon kat ki genyen chak brasri atravè Eta New York, ki ka chèche pa rejyon, epi ki genyen direkyon pou ale nan brasri yo epi pèmèt itilizatè yo konstui epi anrejistre yon tou pèsònèl de brasri yo chwazi yo. Gen plis enfòmasyon sou app an ki disponib [isit la](#).

## **Sitwèb Santye Empire State la**

Nouvo [sitwèb](#) Santye Empire State la bay aksè rapid epi fasil nan enfòmasyon santye a sou tout 1,207 km wout la ki enkli deskripsyon twonson (santye wout pave ak wout an tè, twonson wout, elatriye) pwèn aksè yo, distans pis yo, zòn paking yo, twalèt, ak enstalasyon ak atraksyon ki toupre yo. Konsepsyon reyaktif sitwèb la fasil pou itilize sou òdinatè biwo, laptop, tablèt ak aparèy mobil yo epi sa enkli kat entèaktif ki pèmèt itilizatè yo agrandi lokalizasyon enterè presi yo ak kapasite pou telechaje epi enprime kat twonson pis santye yo. Siklis yo kapab enprime "fich endis" yo ak direksyon ki detaye pou swiv yon twonson pis ki chwazi a. Sit la prezante enfòmasyon sou divès aktivite ak destinasyon tou ki sou santye a oubyen toupre tankou teren kanping, pak, sit istorik, ak arè popilè nan kominote lokal yo.

Santye Empire State la ke Gouvènè Cuomo te premye anonse an 2017, etann sou 644 km. Lè li fni nan fen ane a, l'ap 1,207 km, de yon pwent a yon lòt, ki travèse eta a soti

Vil New York rive Kanada epi soti Albany rive Bufalo - santye a plizyè izaj ki pi long nan tout peyi a, fèt depi nan kòmansman pou akomode alafwa siklis ak pyeton yo.

Gouvènè Cuomo te anonse Santye Empire State la nan janvye 2017. Apeprè 644 km nan Santye a egziste deja nan seksyon ki dekonekte. Lè li fini nan fen 2020 an, Santye Empire State la ap vin yon wout dirèk ki mezire 1,207 kilomèt kontini k ap travèse eta a soti Vil New York rive Canada epi soti Buffalo rive Albany, sa k ap kreye santye a plizyè izaj ki pi long nan peyi a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)